

# TATA PANGIBADAH MINGGU PASKAH - GKJ AMBARRUKMA

20 APRIL 2025

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Putih, Stola/Logo/Simbol : Kembang Lily)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. **Liturgos** :

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan,  
Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak simbol Gusti Yesus ingkang wungu.*

## Uluk Salam Pradataning Pasamuwan:

**Liturgos** : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Paskah, Kalih Dasa April Kalih Ewu Selangkung (Selawe)** (20 April 2025).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami. Para sedherek ing pundi-pundi papan ingkang ndherrek pangibadah lumantar live streaming Youtube GKJ Ambarrukma, kita aturaken sugeng enjang lan sugeng mirsani.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun unduh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan **“Elinga Marang Apa Kang Wus Kapangandikakake”** badhe kaladosaken dening Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pembuka **Kidung Pasamuwan Jawi Kalih Atus Suwidak Kalih, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 262 : 1 + 3), “Kwaosing Asma Paduka”** ..... *pasamuwan kasuwun jumeneng*

(1) Kwaos ing asma Paduka ingkang kita sebar;

pramila kita dhuh Gusti, tan giris ing pati.

Kadya gesangipun wiji ingkang katanem ing siti,

amrih tuwuha angrembaka, temahan medal wohira, mumpangati salumahing bumi.

- (3) Paduka kang wungu malih saking palimengan.  
 Kawula sami antuk sih, rahmating Pangeran.  
 Karebat saking antaka, nampi kamulyaning swarga.  
 Gustingutusa pra abdi kang tlatos anyebar wiji kanthi setya, katur mring Paduka.

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar*

**3. Votum tuwin Salam Karaharjan:** *(Pasamuwan Jumeneng)*

- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu Riyaya Paskah punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**  
**Amin, Amin, Amin.**

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

- 4. Liturgos : Sabda Introitus :** Introitus ing pangibadah menika kapethik saking **Lukas bab Sekawan Likur ayat Satunggal dumugi Tiga (Lukas 24 : 1-3)** ingkang badhe dipun aturaken kanthi tayangan video. Sugeng mirsani.
- 5. Liturgos :** “Gusti Yesus Kristus sampun ngasoraken panandhang raga awit siniksa dening manungsa ingkang wengis, ngantos sinalib dumugi seda. Perkawis menika mratelakaken kababaring rancangan kawilujengan saking Gusti Allah tumrap manungsa kanthi wungunipun Gusti Yesus saking jagadipun tiyang pejah. Punika ugi wujud panguwaosipun Gusti Allah ing Sang Kristus Yesus nyrambahi langit, bumi, lan sak ngandhapipun bumi, satemah sagung makhluk kalebet manungsa titahipun Gusti Allah sami sujud jengkeng lan lathi sami ngakeni menawi: “Yesus Kristus Putraning Allah menika jumeneng Gusti”. Awit saking punika sumangga kita ngaturaken kidung pamuji **Kidung Pasamuwan Jawi Tigang Atus Tigang Dasa Sanga, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 339 : 1+2), “Iba Denny Mbingahaken”**

- (1) Iba denna mbingah aken,  
 yen ing sajad wrata,  
 kaadilan den agungken,  
 binabar aneng donya.
- Refr: Srana sih katresnan tulus,  
 lah jagad dados Pirdus.  
 Sagung tumitah rinimat,  
 rinoban ing sih rahmat.

- (2) Iba denna nengsemaken, yen manungsa sabumi  
marsudi tentrem - rahajeng, mbabarken sihing Gusti.....Refr:

## 6. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Jabur 25 : 7

### 7. Pacawisan Pamratobat

**Imam :** "Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, Gusti Allah kita sampun ngeneti dhateng dosa kita nalika taksih nem, tuwin dhateng duraka kita, nanging Gusti tansah enget dhumateng kawula manut sih-kadarmanipun, awit saking kamirahanipun Gusti. Sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Tigang Dasa Sekawan, pada Setunggal Ian Kalih (KPJ 434 : 1+2)**, "Gusti Mugi Sampun Ngantos Nilar"

- |   |   |
|---|---|
| (1) Gusti mugi sampun ngantos,<br>nilar kawula;<br>kula tansah ngraosaken<br>berkah Paduka.     | <u>Refr:</u><br>Gusti, mugi nuntun kawula;<br>kula tansah ngraosaken berkah Paduka. |
| (2) Gusti, mugi myarsakaken pasambat kula;<br>awit kawula punika putra Paduka..... <u>Refr:</u> |   |

### 8. Pandonga Pamratobat

**Imam :** "Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

"Pinuji asma Paduka Gusti. Allah Rama kawula, puji panuwun sokur konjuk dumateng Paduka, awit sih piwelas Paduka, Paduka mboten negakaken kawula. Paduka mugi sampun ngeneti dhateng dosa duraka kawula nanging mugi Paduka karsaa enget dhumateng kawula manut sih-kadarmanipun awit saking kamirahan Paduka. Ing pangibadah menika Gusti, kawula nelangsani dosa-dosa kawula. Pramila Gusti, nyuwun piwelas saha nyuwun sih kadarman Paduka. Paduka Gusti paring pangaksama dumateng sadaya dosa-duraka kawula punika. Kamirahan ing sih katresnan saking Paduka ingkang kababar ing seda sinalibipun Gusti tuwin wungunipun ndadosake kawula uwal saking dosa, mugi tansah kawula ugemi ing sak uruting gesang. Kawula nyuwun panganthi saha pepadhang saking Sang Roh Suci dados panunthun ing lampah gesang kawula sak lajengipun. Linambaran sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng, kawula ndedonga. Amin."

### 9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Lelakone Para Rasul 10 : 35-36

**Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Ayub 36 : 24**

### 10. Kidung Kasanggeman

**Liturgos** : “Pasamuwan kagunganipun Gusti, Gusti kita Yesus Kristus pangandikanipun Gusti ingkang tumrap kita sami inggih punika pangandika ingkang martosaken bab tentrem-rahayu dening Gusti Yesus Kristus ingkang jumeneng dados Gustinipun sadaya tiyang. Awit saking menika, sesarengan kita badhe ngrepekaken **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Sangang Dasa Wolu, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 198 : 1+3)**, “**Lampahing Gesang Puniki**”..... *pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Lampahing gesang puniki tan kalising pepalang,  
nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang.  
Kadya langit kalimputan mendhung kandel lan mega,  
ing sasirnanira tamtu padhang njingglang sanyata

Refr:

Bibar jawah mijil kluwung, mengku janji prasetya;  
sasisihing sisah ngantya kluwunging sih Njeng Gusti.

- (3) Aywa mangumiwah kwatir, nadyan peteng marginya,  
dipun mantep ing pracaya, setya ing janjinira.  
Gusti Ingkang Mahatresna, yeku tuking pitulung;  
nadyan sisah kumawasa, Gusti tansah anjangkung.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

## 11. Isian Pepujen saking Paduan Suara Tamariska: “Kidung Paskah”

### 12. Wedharing Sabdanipun Gusti

*(Pasamuwan Lenggah)*

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Ngrepenaken Pepujen Tema Paskah

Kagem nyuraosi mangsa Paska, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Paska taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Tuhanku Bangkit**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Komisi Musik GKJ Ambarrukma.

3 4 | 5 3 4 5 3 5 | 4 3 2 2 3 | 4 2 4 2 6 | 5 4 3 3 4 |

1. Berge - ma gembira di ha - ri cerah, ba-tu terguling, kubur terbuka. Gelap-
2. Dalam kebangkitan, janji - Nya tuntas, Harap - an baru, do-sa terlepas. Mari

**Reff. :**

5 3 5 3 1 | 7 6 6 7 1 | 5 3 5 4 3 2 | 1 . 0 3 3 4 |

pun sirna, terbit - lah terang, Tuhan bangkit, maut pun ka- lah. Tuhanku  
bersorak pu-ji - lah Di-a, Sang Pem-bebas sumber s'lamatku.

5 5 . 5 4 3 | 4 2 . 2 2 3 | 4 4 5 6 5 4 | 3 . 0 3 3 4 |

bangkit, sorak ber - gema. KuasaNya jaya, kasihNya nya-ta. Tuhanku

5 5 . 1 7 1 | 7 6 . 6 7 1 | 1 5 4 4 3 2 | 1 . . ||

bangkit, hidup s'lamanya. A-kupun bangkit, hidup dalamNya.

c) Pandhita : maosaken Lukas 24 : 1-12

d) Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6.5 4 3 |

Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya

e) Pandhita : Paladosan Khotbah

f) Irah-irahan: “Elinga Marang Apa Kang Wus Kapangandikakake”

g) Ancas : Pasamuan dipun ajak supados tansah emut, nyuraosi, saha pitados bilih pangandikanipun Gusti badhe dipun ugemi injih pakaryanipun Gusti paring kelametan tumrap manungsa saha seisi ning donya.

h) Wekdal Ening

i) Isian Macapat dening Bp. Sumardiyanto saha Ibu, mawi sekar Sonomtumuruningsih, kanthi irah-irahan “Wungunipun Gusti”

### 13. Pisungsung

Imam : “Tetales pisungsung ing wekdal punika, kapethik saking kitab **Satunggal Babad bab Enem Belas ayat Kalih Welas lan Tiga Welas (1 Babad 16:12-13)** ingkang mekaten suraosipun:

*“Padha elinga marang pakaryan-pakaryan elok kang ditindakake, pratandha-pratandhane kang elok lan putusan-putusan kang kapangandikakake, he putra-wayah Rama Israel, abdine, he putra-putrane Rama Yakub, para pilihane!”*

Pasamuwan ingkang dipun kanthi Gusti, berkahipun Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Awit saking menika, kita badhe nyaosaken pisungsung dumateng Gusti minangka cihnaning raos sokur kita.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan **Caos Sokur Riyaya Paskah** saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Seket Gangsal, pada Setunggal dumugi Tiga (KPJ 155 : 1-3), “Aku tan nate Mangerti”**

- (1) Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka,  
mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya.  
Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.  
Tinuntun dumugèng janji mring kasampurnan swarga.
- (2) Aku asring tan mangerti karsèng Allah Makwasa.  
Donga panyuwuning ati tan kajurungan mulya.  
Nging yektiné, Gusti nganthy; astanya tansah ngreksa.  
Dé panuntuning Roh Suci, sirna pangrehing dosa.
- (3) Uriplku ing pangrèhé Gusti, tan ana pangrèh liya.  
Kasarasan lan rejeki, wuwuhing sih-nugraha.  
Rancangan tinata tliti, pratandhaning sutresna.  
Aku tan kwatir, tan wedi, mung begja kang pinanggya.

#### **14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat**

**15. Liturgos :** “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesareangan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula suwun jumeneng ....

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-ting, Gusti kawula.
- Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.

- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

**16. Pandhita : Paladosan Berkah**

**17. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu Paska, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah punika.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita sami tansah emut, nyuraosi, saha pitados bilih pangandikanipun Gusti badhe dipun ugemi injih pakaryanipun Gusti paring keslametan, seda sinalib lan wungu tumrap penebusing manungsa saha saisining donya.

Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Setunggal, pada Setunggal Ian Tiga (KPJ 401 : 1+3), “Duwea Swiwi Aku Gya Mabur”**

- (1) Duwea swiwi aku gya mabur nyang aluhur, nyang aluhur.  
Nggone salir prihatin wus lebur, nyang aluhur, ngaluhur  
Mabur nyang swarga kang endah mulya, nggone pra putrane Allah samya;  
tansah memuji lan suka rena; neng aluhur, ngaluhur.
- (3) Kono tan ana wong pepisahan, neng aluhur, neng aluhur;  
miwah kang nangis lan kasusahan, neng aluhur, ngaluhur.  
Tan ana crah miwah pasulayan, kabeh mung olah tresna-tinresnan;  
asih lulut denny pitepangan, neng aluhur, ngaluhur.

**18. Liturgos :** “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng mahargya PASKA, sugeng kondur kanthi bingah ing manah.”